

Elizabeth A. Rose
Deputy Chancellor
Division of Operations

**52 Chambers Street
New York, NY 10007**

212 374 7868 Tel
212 374 5588 Fax

28 avril 2017

Chè fanmi elèv ak estaf lekòl:

Sekirite ak byennèt elèv ak estaf nou yo se pi gwo priyorite nou. Mwen kontan pou fè w konnen ke Depatman edikasyon Vil Nouyòk *Department of Education* (DOE) fin fè tout tès li t ap fè nan dlo lekòl leta vil Nouyòk yo. Dlo Vil Nouyòk sen san danje, epi fanmi elèv ak estaf lekòl dwe rete asire ke dlo nou an se dlo ki gen pi bon kalite nan mond lan.

Vil la kontwole pwòp basen idwolik li ki antoure ak pwoteje rezèvwa dlo nou yo, epi yo teste dlo a plis pase 500 000 fwa chak ane nan plizyè kote atravè sistèm lan. Anplis tout gwo mezi sa yo, DOE travay avèk ajans Vil la, tankou Depatman Sante ak Ijyèn Mantal ak Depatman pou Pwoteksyon Anviwònman, pou garanti elèv nou yo gen bon dlo pou bwè nan lekòl yo. Pa janm gen okenn ka anpwazònman avèk plon nou konnen ki te soti nan dlo nan lekòl Vil Nouyòk.

Nan tout bilding kote rezilta tès plon yo te montre genyen menm yon sèl liy dlo ki depase nivo 15 ppb, nou te aplike pwotokòl repons ofisyèl nou an pou korije pwoblèm lan. Sa gen ladan retire liy dlo pou bwè ak pou fè manje ki gen ppb wo yo nan sèvis imedyatman, evakye tout sistèm lan oswa yon pati nan sistèm lan pou elimine dlo ki te chita nan tiyo pandan nuit la, ranplase ekipman, epi pa sèvi avèk liy dlo pou bwè ak pou fè manje ki te afekte yo jiskaske nou fè tès suivi ki montre nivo ppb nan liy dlo sa yo pa wo ankò.


Lè nou itilize nòm eta a, rezilta tès 92% tout ansanm enstalasyon nou yo te pi ba pase limit ki akseptab la. Sa montre nou pa genyen okenn pwoblèm nan sistèm dlo nan bilding lekòl nou yo epi pwotokòl nou suiv pou korije nenpòt pwoblèm ki ta genyen an efikas. Rezilta nou yo pi bon si w konpare yo avèk lòt distri lekòl nan eta a.

Nou te voye yon lèt ki gen tout enfòmasyon detaye bay kominote lekòl yo nan kèk mwa ki sot pase yo. Lèt pou chak lekòl disponib sou sitwèb DOE lekòl la, ansanm avèk rezilta tès laboratwa yo okonplè. Nou konsidere lè nou mete tout enfòmasyon yo okonplè disponib byen fasil sou sitwèb DOE a, kòm kle pou kolaborasyon nou avèk ou.

Tanpri ale sou <http://schools.nyc.gov/AboutUs/schools/watersafety.htm> pou jwenn plis enfòmasyon sou pwotokòl solid nou itilize pou garanti sekirite nan dlo n ap bwè a nan chak grenn lekòl.

Nou remèsye w pou kolaborasyon w nan travay n ap fè pou founi yon edikasyon kalite siperyè pou pitit ou a ak pou timoun atravè tout Vil la. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte lekòl ou a.

Avèk senserite,



Elizabeth A. Rose